

Tata Pangibadah Brayat
GKJ Rewulu
Minggu, 23 Agustus 2020

KABABARING PENGAKEN WONTEN ING TUMINDAK NYATA

- Pasamuwan jumeneng -

P2 : Para sedherek ingkang kinasih,
Margi ingkang kita lampahi punika mboten gampil, ananging kita
pitados menawi Gusti Allah ingkang kagungan samukawis.
Panjenenganipun ingkang mranata saha ngrimati gesanging
manungsa wiwit kala rumiyin, sakpunika ngantos
salami-laminipun. Mila sumangga kapitadosan punika sami kita
wujudaken wonten ing tumindak nyata padintenan kita.
Sumangga kita nyamektakaken ndhiri lumebet ing pangibadah
brayat. Wekdal ening kagem kita.

- Wekdal ening-

VOTUM LAN SALAM

PS : Pangibadah brayat punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang
Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama, sarta saking
Gusti Yésus Kristus nunggilah ing panjenengan sadaya.

- Pasamuwan lenggah -

KIDUNG PAMUJI

KPJ 23 : 1, 3 “PUJI MRING ALLAH”

- 1) Puji mring Allah, Pangeran Kang Mahawisesa.
Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.
- 3) Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

PANGAKENING DOSA

PS : Rum 10: 9 – 10 “ Sabab, manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti, lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokake Panjenengane saka ing antarane wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu. Sabab, kalawan ati wong iku anggone pracaya sarta kabenerake, lan kalawan tutuk wong anggone ngakoni pracaya, sarta kapitulungan rahayu.”

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken sabda Gusti punika kanthi sampurna. Taksih asring anggen kita mboten pitados Gusti nalika kita wonten ing satengahing kaprihatosan. Punika nedahaken karingkihan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi.

(PS mungkasi kanthi pandonga)

KPJ 64 : 1 – 2 “WONG DOSA REMPU ATIMU”

1) Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu

Mbok ya ngungsia mring Gusti, mesthi kinarya suci

Refr. :

Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdanya,
pasraha jiwa raga

2) Hé, wong kang ilang kesasar, saparanmu kapirsan

Gusti nglari lan nimbali, bakal karsa nulungi. Refr. : ...

PISUNGSUNG (P2)

P2 : Sumangga kita saos sokur dhumateng Gusti Allah, ingkang kita wujudaken wonten ing pisungsung. Pisungsung punika kita talesi kanthi pangandikanipun Gusti wonten ing Rum 11: 36 – 2: 1
Anggèn kita ngaturakén pisungsung kita kanthèni kanthi ngidungaken KPJ 89 :1 – 2

KPJ 89 :1 – 2 “PUJI KONJUK ALLAH”

1) Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;

ing rintén dalah ratri tansah ngganjar berkah;

tyang mursid dalah mursal tan badhe ketriwal

- 2) Puji lan panuwun mring Hyang Maagung;
ngganjar berkah mirunggan mring tyang kang pracaya;
yéku kawilujengan lan tentrem-raharja.

Pandonga Pisungsung lan Pandonga Paladosan Sabda

PALADOSAN SABDA (PS)

Pamaosing Kitab Suci

PS : (*maosaken* Mateus 16: 13 – 20)

Makaten Pangandikanipun Gusti,

Ingang rahayu inggih punika inggang mirengaken tuwin
ngèstokaken pangandikanipun Gusti Allah. Halleluya!

U : (*Ngidungaken*) Halleluya (12x)

Khotbah

Kababaring Pengaken Wonten Ing Tumindak Nyata

Salah satunggaling barang inggang wigati lan sakpunika dados salah satunggaling gaman inggang kedah dipunasta inggih punika kaca tingal. Menawi barang punika ngantos ketriwal utawi ketinggalan, aktivitasipun saged terganggu. Asring kita mrangguli kawontenan inggang mekaten. Menawi mboten ngagem kaca tingal lan kedah maos, huruf-huruf punika mboten ketal cetha, namung kados coretan-coretan inggang berjajar. Jenising kaca tingal saben tiyang ugi mboten sami, gumantung kaliyan kawontenan sucanipun, wonten inggang minus, plus, silinder. Menawi ngagem kaca tingal inggang mboten sesuai kaliyan kawontenan sucanipun ugi sami mawon, mboten saged mirsani kanthi cetha. Mila sakderengipun mundhut kaca tingal kedah dipunpriksa rumiyin supados ukuranipun pas lan samangke saged cetha anggenipun mirsani. Kados pundi kaca tingal inggang kedah dipunagem gumantung kaliyan kados pundi kawontenan sucanipun.

Jenising kaca tinggal inggang gumantung kaliyan kawontenan suca punika nggambaraken kados dene pengaken kapitadosan inggang gumantung kaliyan pengalaman iman. *Pengalaman iman gesang sesarengan kaliyan Gusti inggang dipunalami saben tiyang benten-benten, mila pengaken kapitadosan inggang tuwuh ugi benten-benten.* Kados dene wonten ing waosan kita dinten punika. Gusti Yesus ndangu para sakabat kados pundi

anggenipun sami ngraosaken sinten tho Gusti Yesus punika ing pamawas para sakabat. Ingkang dipunkersakaken Gusti sanes sinten Panjenenganipun miturut aturipun tiyang sanes, ananging tumrapping para sakabat piyambak ingkang sampun sawetawis wekdal gesang sesarengan kaliyan Gusti Yesus, sampun ngraosaken kados pundi piwucal lan pakaryanipun Gusti. Gusti Yesus lajeng ndangu : Nanging tumrapping kowe, Aku iki sapa? (Ay. 15). Atur wangsulane Simon Petrus: “Paduka punika Sang Kristus, Putraning Allah ingkang gesang!” (Ay. 16).

Wangsulan punika nggambaraken pengaken kapitadosanipun Petrus adhedhasar pengalaman spiritual gesang sesarengan kaliyan Gusti Yesus. Pengaken punika nuwuhaken dampak ingkang luar biasa. Gusti Yesus nyebat Petrus, tiyang ingkang rahayu (Ay. 17), lan ugi Gusti ngendika : Kowe iku Petrus, sarta watu karang iki bakal dakanggo tetalesing pasamuwanKu, kang ora bakal dikuwasani dening pati (Ay. 18). Pengaken kapitadosanipun Petrus dados tetalesing pasamuwanipun Gusti. Sinaosa saksampunipun Petrus ngaturaken pengaken punika gesang ingkang dipunadhepi Petrus mboten gampil, kadangkala pangertosanipun benten kaliyan ingkang dipunkersakaken Gusti, malah kepara Petrus ugi nyelaki Gusti Yesus ambal kaping tiga, ananging lumantar paladosanipun Petrus pasamuwanipun Gusti saged tuwuh ngrembaka ing pundi-pundi papan. Punika nelakaken bilih *pengalaman iman ingkang dipunalami sesarengan Gusti nuwuhaken pengaken kapitadosan lan pengaken punika kababar nyata nuwuhaken woh ingkang sae.*

Kadosdene kawontenan suca ingkang dipunagem beraktivitas mempengaruhi jenis kaca tingal ingkang dipunagem, mekatena pengalaman iman gesang sesarengan Gusti mempengaruhi pengaken kapitadosan pribadhi kita dhumateng Gusti. Pengalaman iman bapak/ibu/para sedherek mboten sami, punika nuwuhaken pengaken ingkang mboten sami ugi. Lumantar pengaken punika kita kapitulungan sansaya kiyat lan mantep anggenipun nglampahi gesang peparangipun Gusti. Menawi wekdal punika Gusti Yesus ndangu : tumrapping kowe, Aku iki sapa? Mbokbilih wonten ingkang atur wangsulan : Paduka punika juru panglipur kula, awit ngraosaken bilih Gusti tansah nglipur gesangipun; Paduka punika tuding kakiyatan, awit ngrumaosi manungsa ringkih lan kiyat inggih namung awit kakiyatan saking Gusti; Paduka punika Allah ingkang Maha Tresna, awit ngraosaken katresnanipun Gusti ingkang

tansah linuber tan kendhat wonten ing gesangipun; lss. Mbok bilih benten-benten, kados dene jenis kaca tingal, ananging ingkang baken, *pengaken punika ndadosaken paningal kita langkung cetha anggenipun ningali karsanipun Gusti ing gesang kita.*

Perkawis salajengipun ingkang mboten pareng dipunsupekaken inggih punika bilih pengaken kapitadosan mboten namung winates ing tembung, ananging kedah kababar ing salebeting tumindak nyata padintenan. Lumantar wicantenan, penggalihan, pamawas, lan tumindak kedahipun saestu ngemu pengaken kapitadosan dhumateng Gusti. Punapa ingkang lair saking dhiri kita saestu tumunten lan nyondhongi karsanipun Gusti. Menawi kita ngakeni bilih Gusti punika Gusti tansah nganthi, ing salebeting kaprihatosan kados wekdal punika, kita mboten mawas menawi Gusti nilar kita. Menawi kita ngakeni bilih Gusti punika ingkang paring berkah padamelan lan peladosan, kedahipun kita nindakaken pakaryan lan paladosan kanthi suka rena lan kebak ing tanggel jawab. Mboten nengga dipunemutaken, dioyak-oyak, kedahipun kita sampun krenteg anggenipun nindakaken tanggel jawab kita.

Gusti Yesus ngendika ing ayat 18 bilih pasamuwanipun kabangun tetales watu karang. Kadang kala watu karang punika kenging ombak, kenging angin. Mekatena ugi gesang kita minangka pasamuwanipun Gusti, kadang kala mrangguli prahara. Ananging kita ugi kedah tansah emut, bilih kita punika pasamuwan kagunganipun Gusti. *Gusti mboten nglirwakaken, Gusti mesthi ngrimati pasamuwanipun.* Ingkang wigati, pengaken punika kedah kababar nyata ing tumindak. Kados pundi gesang ingkang kita lampahi sesarengan Gusti punika saged nuwuhaken pengaken kapitadosan lan pengaken punika ndayani anggen kita langkung cetha ningali lan ngraosaken rancanganipun Gusti wonten ing gesang kita. Punapa ingkang dados atur wangsulan kita menawi Gusti ndangu : tumrapping kowe, Aku iki sapa?

Amin.

Wekdal Ening

PANDONGA SYAFAAT (PS)

- Kasagedna mbabar pengaken wonten ing tumindhak nyata
- Kaparingan kakiyatan, panglipur, kacekapan, lan kasarasan.

- Kasagedna nindakaken tatanan gesang enggal (adaptasi kehidupan baru)
- Donga Rama Kawula

- Pasamuwan Jumeneng -

PANGAKEN PITADOS (P2)

P : Pasamuwan ingkang kinasih ing Sang Kristus, sumangga sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah papan lan wekdal, kita ucapaken malih pangaken pitados kita laras kaliyan Pangaken Pitados Rasuli.

“Kawula pitados

PANGUTUSAN (PS)

KPJ 113: 1 “GUSTI YESUS SANG PAMARTA”

- 1) Gusti Yésus Sang Pamarta, kula ndhérék Paduka manggul salib ing slaminya klayan bingahing driya
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah;
sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah

BERKAH

PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!

Dadosa seksinipun Sang Kristus.

Lan tampènana berkahipun Gusti,

“ Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).

Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.

Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu.
Amin.

PANUTUP

KPJ 113: 3 “GUSTI YESUS SANG PAMARTA”

- 3) Karibedan lan sangsara krana ndhérék Paduka,
ngiyatken tékading manah, nggayuh Kratoning Allah
Datan geter datan wedi nekséni Injil suci,
mrih gesang langgeng katampi, wit tinunggil ing Gusti.